

# Urwandiko rwo gusaba uburenganzira bwo gukora igikorwa c'igihe gito co gutanga imfungurwa

## Amabwirizwa

Rungika urwandiko rwo gusaba n'amafaranga n'imiburuburi imisi 15 imbere y'igikorwa ca mbere.

Uzuza ubusabe neza kandi vyuzuye. Utegerezwa kubishirako igikumu. Ivyo ngombwa vyo gusaba bituzuye neza hose bizosubizwa inyuma, kandi ibi bizoteyya igikorwa co kuronka uruhusha.

Tanga sheki yawe canke ubutumwa bw'amafaranga ku Gisata c'Amagara y'Abantu ca Vermont. Umaze kuriha amahera, ntushobora kuyagarukana uyasubijwe.

Hitamwo uruhusha rw'igikorwa kimwe nimba ugiye gukora ku gikorwa kimwe kimara imisi ibiri gushika itatu ikurikirana. Hitamwo uruhusha rw'umwaka wose kugira ushobore gukora ku bikorwa vyinshi canke igikorwa kimwe kimara imisi ine canke irenga.

Ahantu hose utegurira infungurwa hategerezwa kugira uruhusha ruva mu gisata c'Amagara ca Vermont canke mu buyobozi bw'akarere. Nimba ahantu utegurira infungurwa hadaherereye muri Vermont, shiranamwo kopi y'uruhusha hamwe n'uru rwandiko rwo gusaba.

Rungika uru rwandiko kuri:

VT Dept of Health  
 Environmental Health  
 Food & Lodging Program  
 280 State Drive  
 Waterbury, VT 05671-8350

## Intambwe Zikurikira:

Igihe urwandiko rwo gusaba rwawe ruzoba rwasuzumwe kandi rwemejwe, uburenganzira bwawe bwo gukora igikorwa co gutanga Infungurwa c'Igihe gito ruzorungikwa mu butumwa ngurukanabumenyi (email). Ushobora gukora igihe cose inyuma y'uko uronse uburenganzira bwawe.

Witegurire igenzura ku gikorwa cose aho uzoba ukora.

Mu mategeko, ibikoresho vyo gusaba uruhusha bishirwa mu bikoresho rusangi. Ibi bisigura ko bishobora guhabwa abantu bose, kiretse mu gihe vyoba bibujijwe n'itegeko rya Reta canke Igihugu.

Ufise ibibazo, hamagara mu Mugambi w'Ibifungurwa & Uburaro 802-863-7221. Kubufasha bw'ururimi, hamagara kuri 802-863-7220 hama ufyonde 0.

OFFICE USE ONLY	
License ID#	
Date Received	
License Fee Amount Received	
Check or Money Order Number	
License Issuance Approval	<div style="display: flex; justify-content: space-between;"> <span>Initials</span> <span>Date</span> </div>



#### 4. Ugusuzuma ibiri ku rutonde rw'ivyokurya n'ingene bikorwa

Sobanura ibintu vyose biri ku rutonde rw'ibifungurwa bigomba kugurishwa. Koresha urupapuro rw'inyongera niba bikenewe. Nimba ibifungurwa biteguriwe ahandi hantu hatari muri reta yacu, tanga kopi y'uburenganzira.

<b>Ibifungurwa vyo kugurisha, guhonja canke gutegura</b>	<b>Uburyo bwo gutegura:</b> Shiraho intambwe zose zo guteka, gukanyisha, gushiraho ibishushe n'ibikanye.	<b>Ikibanza bitegurirwamwo</b> Tanga ikindi kibanza atari aho bitegurirwa.

#### 5. Ibisabwa k'uburenganzira

Incamake y'ibisabwa ku gikorwa co gutanga ibifungurwa mu gihe gito yanditswe hepfo. Mutegerezwa gukora ibi bisabwa vyose no kwubahiriza amategeko yose ya Vermont yerekeye ibikorwa vyo gutanga ibifungurwa. Mutegerezwa gushiraho akamenyetso muri buri gasandugu kugira mwerekane ko mwumvise kandi ko muzokwitondera ikintu cosegisabwa.

<b>Ibisabwa</b>	✓
Ibifungurwa vyose, Ibinyobwa n'ibarafu bitegerezwa kuva ahantu hemewe.	
Ibifungurwa vyose bitegerezwa kuba vyanditseko neza kandi bibitswe neza kugira ngo bitanduzwa.	
Ibifungurwa vyose bishobora kuba vyoteza ingorane bitegerezwa gutekwa ku bushuhe bukwiye hanyuma bibikwe, vyerekanwe kandi bitangwe ku bushuhe burenga 135° F canke buri muni ya 41° F.	
Ntihakabaho gukorako ibifungurwa biteguwe kurya n'amaboko agaragara. Ibikoresho canke ama gloves bikwiye bitegerezwa gutangwa. Abakozi bategerezwa gukaraba intoke zabo, n'amazi ashushe gushika kuri 100° F n'isabuni bakoresheje uburyo bwo kunyukura ibiganza mu gihe c'amasegonda 20 nimiburiburi nk'uko bisabwa.	
Ibarafu itegerezwa kubikwa mu gikoresho gihanaguwe neza kandi gikingiwe kwanduzwa.	

Tanga ibikoresho bigumana ubushuhe bw'ibifungurwa vyose bishobora kuba vyoteza ingorane ku rugero rukenewe ubushuhe mu gihe co kubika, gutegura, kwerekana no gutanga.	
Ibifungurwa vyose bishobora kuba vyoteza ingorane bitegerezwa gususurutswe bivuye muri firigo canke nk'uburyo bwo guteka.	
Koresha uburyo bwiza bw'isuku.	
Buza abakozi barwaye gukorako no gutegura ibifungurwa.	
Ibintu bikwiye vyo gufuka umushatsi n'impuzu zo hanze canke imyambaro y'akazi isukuye bitegerezwa kwambarwa.	
Tanga ibibanza vyemewe vyo gukaraba, koza no gusukura ibikoresho n'ibintu vyo mu gikoni.	
Tanga udupimabushuhe dukwiye n'agakoresho ko gupima sanitiser.	
Bika kandi utange neza ibintu bikoreshwa rimwe gusa.	
Kwoza ibikoresho n'ibintu vyo mu gikoni mu minwe bitegerezwa gushiramwo gukoresha umuti wa sanitizer mu kurongorora.	
Ibitambara vyo guhanagura bikoreshwa neza bikabikwa muri sanitizer y'ubumara.	
Uduhimbi tw'ibikoresho n'ibifungurwa vyo mu gikoni dukora ku bifungurwa turasukurwa neza.	
Bika neza ibikoresho n'ibintu vyo mu gikoni bisukuye.	
Amazi ava ahantu hemewe.	
Amazi acafuye n'imicafu biratabwa neza.	
Uburyo bwo gukwiragiza amazi butegerezwa gushirwaho mu kwirinda guhagarika amazi kugaruka inyuma no kunyonyagizwa.	
Ibikoresho vyo gukaraba bishirwa ahantu hagatangwa n'amazi ari kuri 100° F.	
Buza insazi, imbeba n'ibikoko vy'ibitungano kwinjira aho hantu.	
Umuco uhagije uratangwa, kandi ibikoresho vyose biratangwa bifise amatara adashobora gucika iyo yaguye.	
Ibintu vyose bishobora kwica bitegerezwa kwandikwako neza kandi bibikwe neza.	
Ahantu hose hategerezwa kuba hadafise ubucafu, ivyo gushiramwo umwavu n'ibisigarira.	

## **6. Uko booth iteye**

Sobanura mu buryo bugufi uburyo bwawe wategekanije bwo gukaraba intoke n'ukuntu uzokwiza ibisabwa mu gukaraba intoke. Ama sink yo gukarabiramwo intoke ategerezwa kuba afise isabuni, amazi ashushe (100F), uduhanaguzo tw'impapuro n'agafuzo gatanga amazi neza.

Sobanura mu buryo bugufi ukuntu ukwije ibisabwa mu gukaraba. Ibisabwa mu gukaraba mu minwe bivuga ko utegerezwa kugira ibikoresho vyo gukarabamwo, kurongorora, no gukoresha sanitizer mu tubase (bishobora kuba utubase twa plastic), amazi ashushe, isabuni na sanitizer (akenshi vyeza) biteguye gukoreshwa.

## 7. Urwandiko rw'Uwusaba ibijanye no gufasha Abana n'amakori.

Mu mategeko ya Vermont, urasabwa kwerekana icemeza c'uko "wifashe neza" mu kuriha imfashanyo y'umwana imbere y'uko uronka uruhusha rw'akazi canke ibindi vyemezo vy'ubudandaji n'ihanahana ry'ibicuruzwa. (Urashobora gusoma itegeko mu kurondera ku rubuga ngurukanabumenyi 15 V.S.A. § 795.)

Umukono wawe kuri bino vya ngombwa vyo gusaba werekana ko "wifashe neza" mu vyo gufasha umwana kubera kimwe muri ibi ari ukuri:

- Ntusabwa kuriha imfashanyo y'umwana.
- Uheranye ayatarenga ukwezi kumwe mu mfashanyo.
- Ubu uriko uraburanira imfashanyo y'umwana uheranye muri sentare.
- Uraheranye imfashanyo y'umwana ariko uriko urakwirikiza integuro yo kuriha.
- Ibi ntibirabwa kubera ni ubudandaji buriko burondera kwemererwa.

Mu mategeko ya Vermont, urasabwa kwerekana icemeza c'uko "wifashe neza" mu kuriha amatagisi uheranye imbere y'uko uronka uruhusha rw'akazi canke ibindi vyemezo vy'ubudandaji n'ihanahana ry'ibicuruzwa. (Ushobora gusoma itegeko mu kurondera ku rubuga ngurukanabumenyi 32 V.S.A. § 3113.)

Gutera umukono kuri bino vyangombwa vyo gusaba vyerekana ko wewe "uhagaze neza" mu vyerekeranye n'amakori ya Vermont kubera ho kimwe muri ivyo ni ukuri:

- Warujuje amakori yawe yose ku yo winjije kandi nta makori n'amwe uheranye.
- Ubu ucarariko uraburana igitigiri c'amakori uheranye.
- Uraheranye amakori ariko uriko urakwirikiza integuro yo kuriha hamwe n'Umukomiseri w'Amakori.

Ni waba utifashe neza, urashobora gusaba abatware batanga impusha kugira bihweze neza niba kugusaba kuriha imfashanyo y'umwana canke amakori yo muri Vermont imbere yo kugura uruhusha vyogutuma uca mu ngorane zitumvikana.

Aha nemeje y'uko mpagaze neza mu vyerekeye imfashanyo y'umwana hamwe n'amakori yo muri Vermont. Jewe ku birenze ivyo nemeza ko amakuru yose navuze muri bino vyangombwa vyo gusaba ari ukuri kandi ari nyayo kugeza ku vyo nshoboye kumenya. Ndatahura y'uko gutanga amakuru atari yo canke gusiga amakuru amwe inyuma biciye kubiri n'amategeko kandi vyoshobora kuntuma mbura uburenganzira/icemezo/ukwandikwa.

Nomero y'Umutangakori CANKE Nomero y'Ubwiteganyirize: \_\_\_\_\_

Izina ryanditse mundome nkuru: \_\_\_\_\_ Umutwe w'ijambo: \_\_\_\_\_

Umukono w' uwusaba: \_\_\_\_\_ Italiki: \_\_\_\_\_